# ZAMANAGÓY PSIXOLOGIYANÍŃ PEDAGOGIKA MENEN TÍǴÍZ BAYLANÍSLÍLÍǴÍ

**Karimxojaeva Dilafruz**
*Stajyor oqıtıwshsı, QMU, Nukus*

**Arzieva Hurliman**
*1-kurs student, QMU, Nukus*

**DOI**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.14270495**

***Annotaciya:*** *Bul maqala pedagogikalıq psixologiya ne ekenligi, qaysı dáwirde payda bolǵanlıǵı, pedagogika hám psixologiyanıń qaysı tártipte baylanıslılıǵı jáne bul tarawda alıp barılıp atırǵan jumıslar haqqında maǵlıwmatlar keltirilgen.*

***Gilt sózler:*** *psixologiyalıq baǵdarlar; tálim procesi; psixologiyalıq tiykarlar; pedagogikalıq bilimler; pedagogikalıq psixologiya.*

**Kirisiw.** Pedagogikalıq psixologiya - tálim hám tárbiya máselelerin izertleytuǵın psixologiya tarawı. Ol shaxstıń maqsetke muwapıq rawajlanıwın, biliw iskerliginiń hám insanda social unamlı qásiyetlerdi tárbiyalawdıń psixologiyalıq máselelerin úyrenedi. Pedagogikalıq psixologiyanıń maqseti – shárt sharayat hám basqa psixologiyalıq faktorlardan kelip shıqqan halda oqıtıwdıń aqılǵa muwapıq rawajlandıratuǵın tásirin kúsheytiw. Pedagogikalıq psixologiya XIX-ásirdiń 2 yarmında payda bolǵan. Eksperimental psixologiya izertlewshileripedagogikalıq psixologiya rawajlanıwına úlken úles qosqan. Pedagogikalıq psixologiyanıń pán retinde rawajlanıwında sol dáwirde júzege kelgen psixologiyalıq baǵdarlar datúrtki berdi. Bixevioristik (Bixeviorizm) psixologiya baǵdarı tárbiyashı hám oqıwshıǵa sırtqı ortalıqtıń tásirin pedagogikalıq psixologiya ushın tiykar etip aladı. Pedagogikalıq psixologiya ulıwma hám balalar psixologiyası, sonıń menen birge, pedagogika menen tikkeley baylanıslı. Pedagogikalıq psixologiya, tiykarınan, tálim psixologiyası hám tárbiya psixologiyasına bólinedi. Tálim psixologiyasında oqıw processinde eslew, oylaw, sóylew, qıyal, sonıń menen birge, oqıwshılardıń individual qásiyetleri (temperamenti, xarakteri, qızıǵıwshılıqları), oqıw predmeteriniń ayriqshatárepleri, tálim procesin basqarıwdıń psixologiyalıq principleri hám basqalarúyreniledi. Házirgi zaman tálim psixologiyasida oqıwshılarǵa turaqlı jańalanıp turatuǵın informaciyalardı erkin ózlestiriw imkanıyatın beretuǵın, ilim-texnika jańalıqlarınan arqada qalmawdı támiyinleytuǵın oylaw sapaların úyreniw zárúrli másele bolıp tabıladı. Tárbiya psixologiyasınıń tiykarǵı waziypası - mekteptegi tárbiyalıq jumıslar processinde shaxstıń qáliplesiwi máselesin islep

shıǵıw. Ol jaǵdayda shaxstıń etikalıq sapalarınıń qáliplesiwine ayrıqsha áhmiyet beriledi. Pedagogikalıq psixologiya izertlewleri oqıw materialı mazmunın tańlaw, oqıw baǵdarlamaları, sabaqlıqlar dúziw, tálimniń hár túrlı basqıshlarında oqıtıw metodları sistemasın shólkemlestiriwde zárúrli áhmiyetke iye.

Tálim-tárbiyanıń shaxstı kámal taptırıwǵa baylanıslılıǵı milliy ideyanı qáliplestiriwshi, rawajlandırıwshı jáne onı insanlarǵa jetkeriwshi kúshlerge baylanıslı. Pedagogikalıq - psixologiya páni de jáhán páni rawajlanıwı hám de jáne onıń rawajlanıp barıw procesin, pánge kirip keliwi kútilgen jańalıqlardı jáne de sáwlelendiredi, álbette. Bul tiykarǵı wazıypa retinde dáslepki ret nızamlı tiykarlarǵa iye bolıp hám pedagogikalıq psixologiya páni aldına zárúrli teoriyalıq wazıypalardı sheshiwdi qoyıp atır :

1) pedagogikalıq psixologiyanıń zárúrli wazıypalarınan biri tálim procesin jáne de jetilistiriw, aktivlestiriwdiń psixologiyalıq tiykarların islep shıǵıw ;

2) tálim - tárbiya processinde túrli jastaǵı balalardıń oy órisine, onı shaxs retinde qáliplestiriwge tásir etiwshi faktorlardı úyreniw;

3) oqıwshılar shaxstıń qáliplesiw procesin, bul processtiń ulıwma nızamlıqların hám individual ayırmashılıqlardı, túrli tárbiyalıq ilajlardıń oqıwshılarǵa kórsetetuǵın tásirin úyreniw;

4) tálim hám tárbiya procesi bir-birine baylanıslı, bul processda intellektual qábiletlerdi, etikalıq qásiyetlerdi qáliplestiriwdiń maksimal rawajlanıwı shárt-shárayatların anıqlaw ;

5) óz betinshe bilim alıw, materialdı tereń yamasa jetkeriwdiń psixologiyalıq máselelerin islep shıǵıw ;

6 ) biliw iskerligin óz-ara shólkemlestire biliw shárt-shárayatların anıqlaw;

7) óz-ózin tárbiyalawdıń psixologiyalıq tiykarların anıqlaw ;

8) oqıtıwshı shaxsınıń qásiyetlerin, milliy oqıtıwshınıń qásiyetlerin anıqlaw;

9 ) pedagogikalıq bilimler, kónlikpe hám ilmiy tájriybe, qábiletlerdiń quram tabıwı hám de rawajlanıwınıń psixologiyalıq processlerin anıqlaw ;

10 ) o'z-ózin tárbiyalaw, milliy namıs hám patriotlıq procesi onıń psixologiyalıq máselelerin teoriyalıq tárepten tiykarlap beriwden ibarat esaplanadı;

11) sonday-aq jáhán tájiriybeleri menen birge, milliy qásiyetlerimiz, ondaǵı eń aktiv tárepler, áhmiyetlisi, pedagogikalıq tarbiyalanıwshılar, oqıwshılar, studentler menen múmkinshiligi barınsha kóbirek baylanısta bolıw, oqıwshı shaxsınıń barlıq qásiyetlerin esapqa alıp, bilim hám tárbiya beriw, yaǵnıy birden-bir pedagogikalıq processti támiyinlew, máseleleri de názerde tutıladı ;

12) pedagogikalıq psixologiyanıń eń tiykarǵı wazıypalarınan biri ózlestiriwdiń sapa dárejesin anıqlaw usılların islep shıǵıwdan ibarat.

Pedagogikalıq psixologiyanıń ámeliy wazıypası bolsa jaslardı ózlestiriwdiń psixologiyalıq shárt-shárayatları, tárbiyanıń psixologiyalıq máseleleri, balaǵa tálim-tárbiya beriwde olardı jaslıq hám individual qásiyetlerin esapqa alıw, jaslarda bilim, kónlikpe hám ilmiy tájriybelerin qáliplesiwi, erkin pikirlewge úyretiw, ilimiy túsinikler payda etiw, óz ústinde islew, óz-ózin tárbiyalaw, jas oqıtıwshılardı psixologiyalıq iskerlikke mehir-muhabbatın qáliplestiriw psixologiya pániniń jetiskenliklerin, psixologiyalıq bilimlerdi keń jámiyetlikshilik itibarına silteme etiliwi, ata-analardıń, tárbiyashı hám oqıtıwshıların bulardan payda kóriwshi etiwden ibarat esaplanadı. Ámeliy wazıypalar radio hám tele kórsetiwlerde, jurnallarda, lekciya hám arnawlı kórsetiwler arqalı shıǵıw, máhelle, mektep hám ata- analarmenen sóylesiw arqalı ámelge asırıladı.

Sonday-aq, keń jámiyetshilik bala psixikalıq rawajlanıwına tiyisli psixologiyalıq bilimlerden payda kóriwshi bolsın. Áne sondaǵana biz jaslarǵa haqıyqıy tálim-tárbiya bere alamız jáne onı tabıslı ámelge asıramız. Pedagogikalıq psixologiya óz predmetiniń mazmunına qaray ulıwma psixologiyada ámel etetuǵın kóplegen metodlardan paydalanadı. Sebebi zárúr bolǵan dálillerdi qıdırıw, olardı júz beriw sebeplerin anıqlaw hám tastıyıqlaw hár qıylı metodlar jardeminde orınlanadı. Qaysı metoddan paydalanıwına qaramastan, bul metodlar tek jergilikli ilimiy izertlew jumısları ushınbǵana emes, bálki ámeliy tálimtarbiya maqsetlerinde balanı tereńrek úyreniwdi shólkemlestiriw ushın zárúrli bolıp tabıladı. Tálim- tárbiya jumısların tuwrı shólkemlestiriw ushın pedagogikalıq psixologiyada qollanılatuǵın izertlew metodları oqıwshılardıń individual psixologiyalıq qásiyetlerin, tárbiyalıq tásir kórsetiwde maqsetke muwapıq hám eń nátiyjeli metodlardı tańlawǵa tiykar bolatuǵın oqıwshılar shaxsınıń ózgesheligin jaqsı biliw kerek. Pedagogikalıq psixologiyada qollanılatuǵın metodlar da psixologiya pániniń principlerı hám usıllarına qoyılǵan talaplarǵa ámel qılıwı maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

1. Úyreniw kerek bolǵan hár bir process, jaǵday hám ózgesheliklerdi bir- birine baylanıstırıp tekseriw kerek. Hár bir úyreniletuǵın psixikalıq hádiyselerdi nevrofiziologiyalıq tiykarlardan yamasa eslewdi dıqqattan, pikirdi oylawdan ajıratıp úyreniwge bolmaydı.

2. Tekserilip atırǵan psixik hádiyselerdi rawajlanıw nizamlıqların bilmey turıp onı hár tárepleme úyreniw múmkin emes. Sonıń menen birge, túrli jastaǵı balalardıń psixikalıq rawajlanıw qásiyetlerin bilmey turıp úyrenilip atırǵan jas dáwirdiń ayrıqsha qásiyetlerin túsindiriw hám sıpatlama beriw múmkin emes.

**Juwmaq**

Izertlew processinde insannıń pútkil psixikasında, sanasında sáwlelenetuǵın jámiyettiiń materiallıq negizi ondaǵı sociallıq-ekonomikalıq qatnaslar menen birgelikte úyreniledi. Tálim-tárbiya processinde psixikalıq hádiyselerdiń muǵdar ózgerislerin sapa ózgerislerge ótiwi hám bir sapa jaǵdayınıń ekinshi sapa jaǵdayına ótiwin baqlap barıw kerek. Mısalı: oqıwshı psixikasınıń rawajlanıwın úyrenip «kórip, bilim alıw, tájiriybeler toplaw processinde oqıwshınıń biliw qábiletin, yaǵnıy eslew, oylaw, oylawdaǵı sapa ózgeriwin bilip alsa boladı.

**Paydalanilǵan ádebiyatlar:**


1. M.Toxtaxodjayevaning umumiy tahriri ostida. Pedagogika. Darslik. T.: O'zbekiston faylasuflari Milliy jamiyati,2010.
2. Hoshimov K., Nishonova S. Pedagogikatarixi.Darslik.–T.:–A.Navoiynomidagi O'zbekiston Milliy kutubxonasi2001.
3. Hoshimov K., Nishonova S., InomovaM.,HasanovR. Pedagogikatarixi. O'quvqo'll. – T.: O'qituvchi 1996.
4. Hoshimov K., C.Ochil. O'zbek pedagogikasi antologiyasi. O'quvqo'll.I-jild.–T.:O'qituvchi, 2010.
5. .IbragimovX.I., Abdullayeva Sh. A. Pedagogika nazariyasi. Darslik.-T.:–Fanva texnologiyalar‖nashriyoti,2008.
6. Xasanboyev J., To„raqulov X., Xaydarov M., Xasanboyeva O. Pedagogika fanidan izox lilug'at.– T.,2008.
7. EgamberdiyevaN.M.–Ijtimoiy pedagogika‖–T.:A.Navoiynomidagi O'zbekiston Milliy kutubxonasi nashriyoti, A.Navoiy, 2009.
8. Mavlonova R.va boshqalar –Ijtimoiy pedagogika‖– T.: Istiqlol,2009.
9. KarimovaV.M. «Psixologiya»T.Sharq2002y.
10. G'oziyevE.G'. «Umumiy psixologiya»1-2tom.Toshkent.2002.
11. IvanovP.I., ZufarovaM.«Umumiy psixologiya» T.:O'zbekiston faylasuflar milliy jamiyati, 2008.
12. Xaydarov F.I.,XalilovaN.I. «Umumiy psixologiya» T.:Fan va texnologiyalar 2010 yil
13. Seytjanova Luiza Taxirovna, & Axmetova Moldir Kasim kizi. (2024). A Cross-Cultural Perspective on Japanese and Karakalpak Greetings. *Procedia of Philosophical and Pedagogical Sciences*, *3*(4), 1–4. Retrieved from https://procedia.online/index.php/philosophy/article/view/1493